


KHUTBAH JUM'AT



MUJUDAKEN
Masyarakat
CERDAS
Ing
wanci
Kampanye

Penyusun:
Mukhlisin Purnomo
(Penyuluh Agama Islam KUA Wates)

MUJUDAKEN MASYARAKAT INGGANG CERDAS ING WANCI KAMPANYE

الْحَمْدُ لِلَّهِ خَلَقَ الْخَلْقَ فَقَدَّرَهُ تَقْدِيرًا، وَجَعَلَ مِنْهُمْ رَعِيَّةً وَأَمِيرًا، وَدَبَّرَ الْأُمُورَ تَدْبِيرًا، وَأَشْهَدُ
أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْقَائِلُ (الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتَمَمْتُ عَلَيْكُمْ
نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا) وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، دَعَانَا إِلَى تَحْمُلِ
الْمَسْئُولِيَّاتِ وَحَثَّنَا عَلَى حِفْظِ الْأَمَانَاتِ، صَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَسَلَّمْ وَعَلَى آلِهِ
وَصَحْبِهِ إِلَى يَوْمِ الْحِسَابَاتِ أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ اتَّقُوا اللَّهَ-

Jamaah jum'at rahimakumullah

Sumangga tansah ngindhaki kualitas iman lan taqwa, kanthi tansah mituhu dhateng dhawuh-dhawuhipun Allah lan nebihi sedaya awisanipun. Mugi kanthi mekaten kita tansah nampi maghfirah lan rahmating Allah SWT.

Para Sedherek

Kita sakmenika nembahi ngadhapi pahargyan pemilu. Kita mangertos bilih Pemilihan umum punika wigatos sanget amargi saged mbikak kasempatan tumraping warga masyarakat supados saged nderek lelabuhan sacara aktif kangge milih calon pimpinan. Lumantar Pemilu, rakyat saged nemtokaken sinten ingkang pantes dados pemimpin (presiden, gubernur, bupati/walikota, lurah) utawi wakil ing lembaga legislatif (DPR-RI/DPR-D/DPD) ingkang sae miturut keyakinanipun paling boten anggadhahi kalih kabisan, inggih punika *fathânah* (lantip) lan *amanah* (pinitados). Kados dhawuhing Allah :

قَالَتْ إِحْدَاهُمَا يَا بَتِ اسْتَجِرْهُ ۖ إِنَّ خَيْرَ مَنِ اسْتَجَرْتَ الْقَوِيُّ الْأَمِينُ

"Salah sawijining bocah wadon loro mau matur marang Ramane: "Dhuh Rama! mugi tiyang anem punika panjenengan berrahi dados pangen menda kita, jalaran sae-saening tiyang ingkang dipun berahi punika, tiyang ingkang kiyat tur kenging pinitados. (QS. al-Qasas:26)

Jamaah Jum'at ingkang kinasih

Wonten ing salebeting pemilu tamtu kita wonten proses kampanye ingkang kaginakaken minangka kupiya kangge sosialisasi lan nepangakaken calon utawi kandidat ingkang badhe dipun pilih dening masyarakat salaras kaliyan manahipun. Komisi Pemilihan Umum (KPU) sampun ngedalaken peraturan gegayutan kaliyan kampanye Pemilu tahun 2024, inggih punika

Peraturan Komisi Pemilihan Umum (PKPU) Nomor 15 Tahun 2023. Miturut aturan kasebut, masa kampanye pemilu dipun wiwiti tanggal 28 November 2023 ngantos 10 Februari 2024.

Pasal 5 ing PKPU dipun sebataken bilih Kampanye Pemilu mujudaken satunggaling pendidikan politik masyarakat ingkang katindakaken kanthi tanggung jawab. Ing babagan punika, kampanye kaanggap minangka sarana kangge nyambungaken rakyat kaliyan calon pemimpin. Wonten ing kampanye para peserta pemilu sami kajurung kersa njlentrehaken gagasan utawi program ingkang badhe dipun wujudaken nalika mangkih estu kapilih dados wakiling rakyat. Awit saking punika, masyarakat saged nemtokaken pilihan ingkang patitis, pundi wakiling masyarakat ingkang pinitados hamakili lan nggatosaken kapenetingan saha kabetahanipun masyarakat. sahingga, kampanye mesthinipun mboten namung kangge ajang saingan antawisipun calon pemimpin utawi wakil rakyat.

Jamaah jum'at rahimakumullah

Nalika mbikak media sosial kanthi nyerat tembung kampanye politik, kita badhe rumaos prihatos lan ngelus dadha amargi praktik kampanye kathahipun sampun nalisir saking paugeran ingkang sampun dipun sepakati, sahingga tebih saking tujuan awal ingkang mulya. Amargi adreng kepingin dipun sengkuyung, lan antuk kemenangan, para peserta pemilu punapa dene pendukungipun lila ngginakaken cara-cara ingkang nistha, boten pantes sarta tindakan tanduk ingkang damel kapitunan kadosta ngedalaken tembung panyendhu, memoyoki, nyecamah, ngendhak, panacad, dhateng tiyang utawi calon pemimpin ingkang boten cocog kaliyan kekajenganipun ingkang maksudipun kangge nggiring pamanggih supados antipati dhateng satunggaling calon ingkang dados satru politik. Tujuanipun mboten sanes kange ngunggulaken calon ingkang dados idham-idhamanipun. Malah terkadang ngantos nyebar pawartos ingkang isinipun hoaks utawi palsu ingkang satemah namung nuwuhaken pasulayan lan gidhuh. Sedaya watek kasebat dipun wastani siar kebencian, utawi ujaran kebencian.

Jamaah Jum'at rahimakumullah

Sacara khusus, ing wewarah agami Islam ujaran kebencian kalebet *ghibah* (*golek-golek alaning liyan*), *buhtan* (*pitenah*), lan *namimah* (*adu-adu*). Amila kedah dipun singkiri amargi saged damel repot ingkang kanggenenan. Allah sampun paring dhawuh:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظَّنِّ إِنَّ بَعْضَ الظَّنِّ إِثْمٌ وَلَا تَحْسَسُوا وَلَا يَغْتَبَ بَعْضُكُم بَعْضًا أَيُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَّحِيمٌ

He para wong Mu'min! sira padha ngedohna ing akeh-akehing panyana, satemene ana saweneh ing panyana iku dosa! Lan sira aja golek-golek alaning liyan, lan aja nyatur ala sawenehira marang sawenehe. Apa dhemen ta manawa salah sawijinira iku mangan daginge sadulure dhewe kang wus mati? Mesthi bae sira ora padha dhemen. Sira padha wedia ing Allah, sanyata Allah iku kapareng narima tobat tur Maha Asih.. (QS.al-Hujurat:12).

Salintunipun punika, ujaran kebencian saged dumugekakan Masyarakat sami padudon, congkrah lan regejegan. Langkung nggegirisi malih, ujaran kebencian badhe ngrisak karukunan lan persatuan bangsa lan ugi damel awoning iklim demokrasi ing Indonesia. Bangsa punika sampun makaping kaping ngraosaken pait getiring politik ujaran kebencian. Pilkada Jakarta, Pilpres 2014 lan 2019 sarta mapinten-pinten kasus sanesipun ingkang sampun dumugekaken masyarakat sami padudon (konflik) lan regejegan. Pilpres 2019 kedah kita dadosaken minangka tepa palupi lan pepenget dhateng lumampahing bangsa menika. Kita kedah nggadahi kupiya supados pemilu 2024 saged lumampah kanthi ayem lan Tentrem.

Jamaah Jum'at rahimakumullah

Tetela sanget bilih praktik ujaran kebencian punika perkawis ingkang namung badhe dumugekan dhateng kapitunan lan madharat ingkang ageng. Watak dahwen utawi basa populeripun "nyinyir" menika satungaling awisan tumraping umat muslimin. Allah paring dhuh:

وَلَا تُطِعْ كُلَّ حَلَّافٍ مَّهِينٍ هَمَّازٍ مَّشَاءٍ بِنَمِيمٍ

"lan sira aja manut sarupane wong tukang sumpah, tur ina! Wong kang gawene tansah dhemen nacat, tur tumbak cucukan!" Q.S al-Qalam: 6810-11)

Al-Wahidi ing Tafsir al-Basith, paring katrangan bilih ayat punika mratelakaken bilih tiyang ingkang remen nyebaraken fitnah utawi adu-adu tumbak cucukan) bakal nampi dosa lan paukuman ing akhirat. Benjang badhe kalebetaken ing neraka Jahannam. Amargi tiyang punika namun remen ngrisak pasedherekan ing antawisipun sesame manungsa. Nabi Muhammad Saw ugi sampun paring pangandikan:

أَفَلَا أُخْبِرُكُمْ بِشِرَارِكُمْ قَالُوا: بَلَىٰ قَالَ: الْمَشَاوُونَ بِالنَّمِيمَةِ الْمُفْسِدُونَ بَيْنَ الْأَحِبَّةِ الْبَاغُونَ
الْبُرَاءِ الْعَنْتَ.

"apa sliramu gelem tak wenehi kabar bab wong kang kanggap ala? Para shahbat tumuli jawab; inggih! Nabi ngendika yaiku waong seneng laku adu-adu, lan seneng gawe rusaking paseduluraning wong kang padha kekancan, lan seneng golek-golek cascading liyan." (HR.Al-Bukhari).

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Wonten ing hukum negara tiyang ingkang damel pawartos siar kebencian sae punika langsung punapa dene mawi media elektronik, utawi mawi media sosial, saged saged kenging paukuman awrat. Undang-Undang Nomor 19 Tahun 2016 Tentang Informasi dan Transaksi Elektronik, jejering tiyang ingkang damel utawi nyebarakaen pawartos kebencian kenging ancaman pidana, awujud pidana kunjara paling dangu 6 (enem) tahun lan/utawi denda paling kathah Rp. 1.000.000.000,- (satunggal miliar rupiah).

Awis saking punika masyarakat nalika badhe ngunggah wonten medsos satunggaling pawartos kedah dipun tliti langkung rumiyin leres lan botenipun kanthi cetha. Masyarakat kedah cerdas lan wicaksana ing babagan pawartos utawi informasi, linangkung ing jaman kampanye samangke kathah sumebar pawartos palsu utawi hoaks sehingga tiyang asring kalepyan tabayun nalika *sharing* kabar ing media sosial. Menawi ing satunggaling wekdal ugi kita tampi kabar ingkang dereng pasthi kita kedah nahan dhiri boten tumut-tumut nyebaraken malih.

Jamaah Jum'at Hafizhakumullah

Ing wusana, kita ngajak sesarengan sumangga wonten ing wanci kampanye punika supados sageda ketingal ayem lan tentrem. Kampanye kedah dipun damel kangge kangge sarana sarana pasinaon lan literasi politik tumrapping warga masyarakat, ing satemah bangsa lan negara kita sageda minangka tuladha ingkang sae ing babagan proses demokrasi ingkang indah.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَةِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلَ
اللَّهُ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَاسْتَغْفِرُوا إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَ الْحَمْدُ لِلَّهِ ثُمَّ الْحَمْدُ لِلَّهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ
أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الَّذِي لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى
آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ أَوْصِيكُمْ
وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ،
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا
مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.
اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْقُرُونَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتَنِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا
بَطَّنَ عَن بَلَدِنَا إِنْدُونَيْسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً. اللَّهُمَّ أَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا ،
وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا ، وَاهْدِنَا سُبُلَ السَّلَامِ ، وَنَجِّنَا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ ، وَجَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ
مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ ، وَبَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا وَأَبْصَارِنَا وَقُلُوبِنَا وَأَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا ، وَثُبِّ
عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ، وَاجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمَتِكَ ، مُشِينِينَ بِهَا ، قَابِلِينَهَا ، وَأَتَمِّهَا
عَلَيْنَا . رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ
الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ
وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ